

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskrripsikeun objék anu dikaji ku panalungtik, satuluyna dipatalikeun jeung bahan pangajaran di sakola. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta Tradisi *Motong Munggel*, kalawan ngagunakeun pamarekan Sémiotik pikeun maluruh unsur-unsur jeung ajén-inajén anu nyangkaruk dina tradisi *motong munggel* sarta hasilna dijieun salah sahiji alternatif pikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh (1) déskripsi ngeunaan tradisi *motong munggel* di Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya, (2) unsur sémiotik anu nyangkaruk dina tradisi *motong munggel* di Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya, jeung (3) larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA. Anapon téori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori sémiotika Charles Sanders Peirce's anu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol. Satuluyna, ieu panalungtikan dilarapkeun jeung dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode kualitatif déskriptif kalawan téhnik talaah pustaka, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Anapon instrumén anu digunakeun nyaéta pedoman wawancara jeung kartu data.

Dumasar kana hasil panalungtikan tradisi *motong munggel* mangrupa tradisi anu geus biasa dilaksakeun ku masarakat Kampung Sindangjaya Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya nalika aya anggota kulawargana anu katarajang panyakit katurunan. Tujuan dilaksanakeunana ieu tradisi minangka tarékah piikeun nyaréatan kulawarga anu gering sangkan panyakit anu diturunkeun ti karuhunna teu karasa deui dina mangsa nu bakal datang jeung teu diturunkeun deui ka turunan sapandeurieunana. Ieu tradisi ogé miboga pungsi minangka rasa sukur jeung ménta tulung ka Alloh swt. sangkan

dijauhkeun tina marabahaya katut panyakit anu gampang kapanggih ti alam sabudeureunana, utamana panyakit anu aya patalina jeung panyakit katurunan.

Prak-prakan tradisi *motong munggel* kabagi jadi tilu bagian Khiji, prak-prakan saméméh lumangsungna tradisi anu ngawengku (1) nyiar bahan-bahan, (2) nutu paré beureum (huma), (3) napian béas, (4) ngisikan jeung nyeupan béas, (5) nyieun sambara, (6) ngarih, jeung (7) nyeupan gigih. Kadua, prak-prakan lumangsungna tradisi *motong munggel* anu ngawengku tawasulan, motong tumpeng di tilu tempat, jeung du'a panutup. Katilu prak-prakan sabada *motong munggel* nyaéta ngabagikeun tumpeng ka tatangga minangka silaturahmi jeung babagi kasasama sarta ménta pangdu'a ti balaréa.

Dina tradisi *motong munggel* kapanggih aya unsur-unsur nu miboga tanda-tanda sarta harti anu tangtu. tanda anu kapaluruh dina tradisi *motong munggel* aya 23 tanda ngawengku ikon anu jumlahna 14, indéks 6, jeung simbol 3. Ikon anu kapaluruh dina tradisi *motong munggel* lolobana patali jeung palaku, pakakas katut kadaharan nu aya dina nalika lumangsungna tradisi. Ari indéks raket patalina jeung tradisi motong mungelna éta sorangan, tempat lumangsungna, jeung du'a anu dibacakeunana. Sedengkeun simbol mangrupa bagian utama tina tradisi anu hartina disapukan ku sesepuh tradisi sarta disaluyuan ku masarakat nu ngagunakeunana.

Patali jeung bahan pangajaran, hasil tina panalungtikan ngeunaan tradisi *motong munggel* bisa nyumponan kana kritéria dina milih jeung nyusun bahan pangajaran. Unsur-unsur anu nyangkaruk dina tradisi *motong munggel* miboga ajén-inajén anu hadé pikeun ngawangun karakter siswa sarta kapribadian siswa di sakola ngaliwatan pamahaman kana hiji tradisi.

5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Ayana hiji panalungtikan pasti dibarengan ku kahéngkéran jeung kaonjoyan séwang-séwangan. Ngaliwatan panalungtikan, panalungtik bisa diajar ngeunaan budaya tradisi anu masih hirup, sacara teu langsung hasil tina ieu panalungtikan, ogé bisa nambahan élmu pangaweruh keur batur sarta bisa nambahan khasanah bubdaya tradisi. Tapi salila nalungtik, panalungtik ngarasa masih loba kénéh kahéngkéran anu teu bisa kakungkulan. Dumasar kana hasil ieu

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGAH KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan, dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan hiji tradisi atawa kabudayaan anu aya di Jawa Barat, hususna nu aya di Kabupatén Tasikmalaya. Aya sababaraha saran jeung rékoméndasi anu dtujukeun ka: (1) pamaréntah, hususna dina Pendidikan jeung Kabudayaan Kabupatén Tasikmalaya; (2) mahasiswa; (3) panalungtik satuluyna; (4) guru; jeung (5) masarakat umum. **Dinas Pendidikan jeung Kabudayaan Kabupatén Tasikmalaya** salaku wadah tina sakabéh tradisi jeung kabudayaan nu aya di Kabupatén Tasikmalaya dipiharep salian ti ngainvéntarisir, dina widang atikan bisa ngawanohkeun hiji tradisi ka nonoman-nonoman hususna di lembaga atikan formal. Dina widang kabudayaan bisa mantuan ngawanohkeun deui tradisi nu aya ku cara méré hancengan pikeun ngasupkeun unggal seni, tradisi kabudayaan dina unggal kagiatan anu dikokolakeun ku pamaréntah. **Mahasiswa** salaku akademisi, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun référénsi bacaeun hususna ngeunaan ulika struktural jeung sémiotik. **Panalungtik satuluyna**, dipiharep aya panalungtikan satuluyna anu bisa ngeuyeuban kalawan leuwih nyosok jero sangkan ieu radisi teu leungit kalindes jaman. Salian ti éta ieu hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh, utamana ka panalungtik nu rék ngayakeun panalungtikan hiji kabudayaan atawa tradisi ngagunakeun pamarekan struktural jeung sémiotik. **Guru** salaku palaku utama dina lumangsuna kagiatan diajar di sakola dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun rujukan jeung pilihan dina nangtukeun bahan pangajaran di sakola hususna di kelas XII SMA. **Masarakat Umum** nu jadi salah sahiji panangtu hirup huripna hiji tradisi dipiharep bisa leuwih mikawanoh kana tradisi nu aya ngariksa, ngajaga jeung ngamumulé sangkan ieu tradisi henteu tumpur kalindes jaman. Hayu riksa budaya sunda ku saréréa sangkan tetep nanjeur nanjuritana jaya di buana.